


abitib Ki Bon pou Sante pou yon Bèl Souris



Lè wap vizite Klinik Dantè avèk Pitit Ou

Timoun bezwen ale nan klinik dantè pou yo ka kenbe dan ak bouch yo an sante. Si timoun yo gen vizit regilye nan klinik dantè, dantis la ak ijyenis dantè a kapab pran swen dan yo epi idantifye maladi nan bouch yo bonè. Lè ou mennen timoun yo nan klinik dantè souvan y ap tou aprann enpòtans bon sante bouch.



Preparasyon pou lekòl kòmanse nan sante!

Nan Klinik Dantè a, Ekip la Pral:

- Tcheke dan ak bouch ptit ou.
- Esplike w pi bon fason pou pran swen dan ptit ou. Pa egzanp fason pou bwose dan ptit ou avèk pat dantifris ki gen fliyò apre dejene epi anvan li kouche.
- Fè ou konnen kèk lòt fason pou ede w anpeche dan ptit ou gate (twou nan dan). Pa egzanp, fason pou mete vèni ki gen fliyò nan dan ptit ou.

Kèk Ti Konsèy pou Suiv Lè Ou Ale nan Klinik Dantè

- Si ptit ou mande sa ki pral pase nan klinik dantè a, bay yon repons senp. Pa egzanp, di l:
 - “Yo ka konte kantite dan ou genyen.”
 - “Yo ka netwaye dan ou pou yo ka klere!”
- Si ou pa renmen ale nan klinik dantè, pa di ptit ou sa. Sa ta ka fè ptit ou pè ale tou.

- Prepare yon chèz dantis imajinè. Fè tankou ou se dantis la oswa ijyenis dantè a. Egzamine bouch ptit ou epi konte dan li yo; aprè sa pale avèk li konsènan fason pou bwose dan li.
- Li liv yo oswa gade videoyo avèk ptit ou konsènan vizit nan klinik dantè a. Pa itilize liv oswa videoyo ki gen mo tankou fè mal, doulè, piki, zouti pou fouye, pè, oswa nenpòt lòt mo ki ta ka fè ptit ou pè.
- Kite ptit ou ale avèk jwèt oswa dra li pi renmen an nan klinik la.
- Si ou vin konnen ptit ou pral resevwa yon ti jwèt oswa yon nouvo bwòsadan nan fen vizit la, fè ptit ou sonje rekompans sa a.
- Planifye yon aktivite amizan pou fè apre vizit nan klinik la.



Dokiman sa a jwenn/te jwenn sipò Administration for Children and Families (ACF) ki nan peyi Etazini, Department of Health and Human Services (HHS), nan kad èd finansye ki reprezante \$7,582,500. ACF finanse 97% nan lajan sa a, epi Health Resources Services Administration (HRSA) ki fè pati HHS nan peyi Etazini finanse lòt 3% an. Enfòmasyon yo se enfòmasyon moun ki ekri l yo e yo pa otomatikman reprezante pwennvi, ni yo pa yon apwobasyon ACF/HHS oswa Gouvènman peyi Etazini. Ou ka fè kopi dokiman sa a pou itilizasyon ki pa komèsyal san w pa bezwen pèmisyon. Sous foto yo: National Museum of Dentistry / Foter / CC BY-NC-ND (front page, top); um.dentistry / Foter / CC BY-NC-SA (front page, bottom); Kristen Jennings / Flickr / CC BY-NC-ND (back page)



ADMINISTRATION FOR
CHILDREN & FAMILIES



National Center on
Health, Behavioral Health, and Safety